


# KONNEN DWA OU GENYEN YO

Ou genyen dwa pandan w  
ap travay Ozetazini

Liy Telefòn Dijans pou Lit Kont Trafik Moun  
**1-888-373-7888** (anndan Etazini)

VOYE TEKS "HELP" NAN NIMEWO 233733  
(ANNDAN PEYI ETAZINI) OSWA IMÈL BAY  
[HELP@HUMANTRAFFICKINGHOTLINE.ORG](mailto:HELP@HUMANTRAFFICKINGHOTLINE.ORG)



# KONNEN DWA OU GENYEN YO

Pandan ou Ozetazini, ou genyen dwa pou ou:

- Touche salè ki ekitab
- Travay nan kote ki sen epi san danje
- Mande pou sendika, gwoup defans dwa imigran oswa travayè ede ou
- Kite nenpòt travay ki gen danje ladan l
- Pa sibi òkèn diskriminasyon, asèlman ni eksplwatasyon

Vizite sit ***MigrantWorker.gov*** pou jwenn plis enfòmasyon sou dwa sa yo

**SI YO PA RESPEKTE DWA W YO, KONTAKTE LIY TELEFÒN DIJANS POU  
LITE KONT TRAFIK MOUN NAN 1-888-373-7888 (ANNDAN ETAZINI),  
TEKSTE "HELP" NAN 233733 (ANNDAN ETAZINI) OUBYEN VOYE  
IMÈL BAY ***HELP@HUMANTRAFFICKINGHOTLINE.ORG***.**

**TOUT APÈL YO ANONIM, KONFIDANSYÈL EPI SAN DANJE, SAN GADE  
SOU STATI IMIGRASYON W. GENYEN ESPESYALIS KI BYEN FÔME  
KI DISPONIB POU EDE NAN PLIS PASE 200 LANG. JWENN PLIS  
ENFÒMASYON SOU SIT ***WWW.HUMANTRAFFICKINGHOTLINE.ORG*****

**Si ou an danje lapoula pandan ou Ozetazini, rele nan 911 pou  
kontakte lapolis lokal lan.** Di ki kalite ijans ou genyen, kote ou ye,  
epi bay telefòn kote wap rele an. Genyen moun pou tradwi pou ou si  
ou bezwen sa.

Si ou te fè aplikasyon pou yon viza non-imigran pou travayè nan kay  
A-3, B-5, H, J, NATO-7, TN oswa B-1, ou ta dwe resevwa feyè sa a swa:

- Avèk viza yo voye an (si ou pat fè entèvyou), oubyen
- Pandan entèvyou viza ou, lè yon ofisyè konsila dwe pou li konfime  
ou te resevwa, te fè lekti, epi ou byen konprann enfòmasyon ki nan  
panflè sa a avan ou kapab resevwa yon viza.

Ofisyè konsila US yo vle ede ou konprann dwa ou genyen Ozetazini epi  
yo disponib pou reponn nenpòt kestyón ou ta poze.

Ou kapab tou resevwa asistans nan men konsil peyi ou nan Etazini a  
travè yon pwogram patenarya Depatman Travay lan ki rele Pwogram  
Paterno Konsilè Depatman Travay (ann anglè se U.S. Department  
of Labor's Consular Partnership Program, CPP). Nan CPP an, konsila  
peyi ou kapab ba ou asistans pou jwenn resous, epi ba ou apwi pou  
depoze yon plent si ou panse moun pa respekte dwa ou yo. Pou jwenn  
yon list peyi ki nan patenarya an, vizite sit: ***www.dol.gov//general//  
migrantworker//support***

# KÈLKESWA STATI IMIGRASYON OU, OU GEN DWA

Patwon ou pa kapab revoke ou, maltrete ou, ni refize peye ou difèt ke ou egzèse dwa w yo.

## OU GENYEN DWA POU OU:

### 1. Touche yon Salè Ekitab

- Patwon ou dwe peye ou pou tout travay ou fè. Se pou patwon ou peye ou salè minimòm federal legal lan pou pi fò nan djòb yo.<sup>1</sup>
- Patwon ou dwe peye ou plis pase salè minimòm federal lan si:
  - Ou travay nan yon Eta, vil, Konte oswa lokalite ki genyen yon salè minimòm ki plis.
  - Kontra travay ou oswa pwogram viza ou egzije sa.
  - Si ou travay plis pase **40 èdtan chak semèn**, patwon ou kapab oblige peye ou **1.5 fwa salè nòmal ou pou èdtan ekstra yo**. Pa egzanp, si ou touche \$10 pa èdtan, ou kapab touche \$15 pou chak èdtan siplemantè ou travay.
- Si patwon ou retire lajan sou chèk salè ou, sa se yon dediksyon. Fich salè ou (tankou talon chèk ou) dwe montre chak dediksyon yo prelve. Dediksyon kapab fèt pou bagay ou chwazi an tout libète, tankou asirans sante oswa frè sendika, epi genyen ladan yo ki kapab obligatwa anba la lwa.
- Patwon ou nòmalman pa kapab retire anyen sou chèk salè ou pou inifòm ou, ekipman pou sekirite, zouti ki obligatwa, founiti, ekipman, oswa frè rekritman. Pou sèten viza, moun kapab jwenn lojman gratis.
- Patwon ou pa kapab fè òkèn reprezay, asèlman ni entimide ou ni fè anyen negatif kont ou si ou poze kestyon sou lajan salè ou, èdtan travay ou oswa lòt dwa ou yo, ni si ou depoze yon plent, oubyen kolabore avèk yon envestigasyon sou Salè epi Èdtan Travay.
- Dediksyon yo peye pou bagay ou chwazi selon pwòp gre ou, tankou asirans sante oswa frè sendika, yo kapab retire sou lajan salè ou. Dediksyon pou sèten taks kapab obligatwa.

Si ou genyen kestyon oubyen pwoblèm sou lajan salè oswa chèk salè ou, rele nan [1-866-487-9243](http://1-866-487-9243), oubyen vizite yon Biwo lokal pou afè Salè epi Orè Travay ki rele Wage and Hour Office: [www.dol.gov/agencies/whd/contact/local-offices](http://www.dol.gov/agencies/whd/contact/local-offices).

---

<sup>1</sup> Vizite [www.dol.gov/whd/minimumwage.htm](http://www.dol.gov/whd/minimumwage.htm) pou minimòm ki an rigè an.



**KONSEY:** Selon dire sejou w, ou kapab oblige genyen asirans sante pandan ou Ozetazini. Ou kapab kalifye tou pou jwenn asistans finansye pou ede bese pri asirans lan.

## 2. Travay nan yon Kote ki Sen epi San Danje

**Lye-travay San Danje:** Patwon ou anba obligasyon pou li kenbe lye-travay ou sen epi san danje.

**Fòmasyon:** Patwon ou dwe ba ou enfòmasyon epi fòmasyon sou danje ki gen nan travay lan, kijan pou evite aksidan oswa chòk, règ sekirite epi sante pou lye-travay ou. Se pou fòmasyon an fèt nan yon lang ou konprann.

**Ekipman Sekirite Obligatwa:** Ou gen dwa pou ou resevwa ekipman sekirite ki obligatwa, tankou gan oswa anè oubyen liy sekirite pou anpeche moun tonbe, epi se pou patwon ou aprann ou kijan pou ou sèvi konvnableman avèk ekipman an.

**Rapòte Nenpòt Chòk oswa Maladi ki gen rapò avèk travay lan:** Ou gen dwa pou ou rapòte nenpòt chòk oswa maladi, epi pou ou wè epi resevwa kopi dosye medikal ou nan men patwon ou.

**Depoze yon Plent sou Sekirite epi Sante:** Si ou panse kote ou travay lan gen danje ladan l'oubyen pa bon pou sante ou, oumenm (oswa yon moun kap reprezante ou) kapab depoze yon plent konfidansyèl nan ajans sekirite nan travay lan ki rele Administrasyon Sekirite ak Sante nan Travay (Occupational Safety and Health Administration, OSHA). Si ou kapab, sa ta bon si ou vini avèk yon lòt travayè kòm temwen si ou di patwon ou genyen kondisyon danje epi voye tou enkyetid ou nan tèkst oswa imèl pou kapab genyen yon dosye ekri. Ou kapab pale apa epi an tout konfidansyalite avèk enspektè OSHA yo epi wè rezulta enspeksyon yo oubyen analiz yo fè pou wè si genyen kondisyon danjere.

**Pwoteksyon kont reprezay:** Ou kapab denonse danje ki gen nan travay lan. Ou gen dwa pou ou depoze yon plent nan OSHA si ou panse patwon ou ap pini ou difèt ou bay alèt sou kondisyon danje pou sekirite epi sante, depoze yon plent avan 30 jou pase apre sipoze pinisyon an. Pou plis enfòmasyon, vizite: [www.whistleblowers.gov](http://www.whistleblowers.gov).



**KONSEY:** Avan ou pati pou vin Ozetazini, chèche konsèy nan men òganizasyon ki defann dwa travayè migran oubyen nan men ansyen travayé migran. Yo kapab ba ou non epi telefòn moun oswa òganizasyon ou kapab kontakte si ou ta gen pwoblèm oswa kestyón pandan ou Ozetazini.

Pou plis enfòmasyon sou Dwa Travayè anba OSHA, vizite:  
[www.osha.gov/workers](http://www.osha.gov/workers)

**Tretman Medikal:** Ou kapab wè yon doktè oswa enfimyè pou kont ou si ou bezwen fè sa. Si ou ta vin blese oswa malad, se pou patwon ou peye swen medikal ou resevwa, epi ou ta pèdi yon pati nan lajan salè ou. Mande kopi nenpòt dokiman nan men doktè ou, klinik oswa lopital lan. Nan pi fò ka yo, ou kapab fè demand pou konpansasyon travayè nan eta kote ou travay lan, ki se yon peman lajan pou blesi oswa maladi ki gen rapò avèk travay lan. Jwenn biwo lokal ou pou mande konpansasyon travayè isit lan: [www.dol.gov/agencies/owcp/wc](http://www.dol.gov/agencies/owcp/wc)

**Lojman:** Si patwon ou bay lojman, se pou li pwòp epi san danje. Se pou yo pèmèt ou kite lojman ou an tout libète.

**Twalèt:** Se pou twalèt yo pwòp epi fasil pou jwenn aksè ladan yo. Se pou patwon ou kite w al nan twalèt depi ou bezwen sa epi bay stasyon ki gen dlo avèk savon oubyen lòt bagay pou lave men ou.

**Dlo Potab:** Ou gen dwa pou ou resevwa dlo pwòp pou bwè san ou pa peye.

**Chalè:** Se pou patwon yo ki kouvri anba OSHA pwoteje ou kont tanperati ki ekstrèm epi se pou yo gen yon pwogram pou anpeche chalè fè moun malad.

Si w ap travay avèk oswa nan zòn petisid oswa pwodwi chimik ki danjere, se pou patwon ou:

- Veye pou ou genyen savon epi dlo pou lave men ou;
- Bay ekipman sekirite ki obligatwa pou travay lan (tankou respiratè oswa gan) epi aprann ou kòman pou ou sèvi avèk yo korèkteman;



- Ba ou fòmasyon gratis sou pwodwi chimik nan lye-travay lan pou ou kapab konprann risk ki genyen nan pwodwi chimik wap travay avèk yo;
- Di ou kikote epi ki lè pestisid yo te aspèje epi lè pa gen danje pou ou antre nan yon zòn ankò pou evite ekspoze san ou pa vle. Evite zòn kote moun ap aspèje pestisid.

Si ou panse travay ou gen danje ladan l epi ou vle yon enspeksyon oubyen ou vle plis enfòmasyon sou dwa ou, rele nan 1-866-4-USA-DOL oubyen vizite sit wèb Depatman Travay lan (*dol.gov* oswa *migrantworker.gov*).

Si ou se yon travayè H-2A ki gen kestyon oswa enkyetid sou sante epi sekirite nan lye-travay ou, lojman ou oswa transpò ou, telefone nan 1-866-487-9243 oswa vizite yon biwo salè epi orè travay ki rele Biwo Salè ak Édtan (Wage and Hour Office): [www.dol.gov/agencies/whd/contact/local-offices](http://www.dol.gov/agencies/whd/contact/local-offices).

### 3. Mande Asistans nan men Sendika, oubyen Gwoup defans dwa Imigran epi Travayè

Nan pi fò ka yo, ou gen dwa pou ou:

- Kolabore avèk kolèg travay ou pou mande patwon ou bay pi bon salè oswa pi bon kondisyon travay;
- Kreye, adere nan epi soutni yon sendika nan travay ou. **Pou jwenn plis enfòmasyon sou dwa sa yo, vizite: [www.nlrb.gov](http://www.nlrb.gov)**
- Asiste nan diskou piblik, mitin, epi manifestasyon pou pi bon salè oswa kondisyon travay.

### 4. Kite yon Travay

- Ou pa oblige rete nan travay ou si patwon ou ap maltrete ou, oubyen si ou pa santi ou an sekirite. **Ou kapab kontakte Liy Telefòn Dijans pou Lite kont Trafik Moun lan nan 1-888-373-7888 pou jwenn asistans.**
- Stati imigrasyon ou p ap valab ankò si ou kite travay ou, men ou kapab petèt chanje stati, oubyen travay pou yon nouvo patwon ki sponsorize ou. Si patwon ou anba envestigasyon yon ajans ki okipe afè travay, ou kapab petèt resevwa yon pwoteksyon tanporè kont refoulman epi yon pèmi travay tanporè. Pou jwenn plis detay, vizite: [www.dhs.gov/enforcement-labor-and-employment-laws](http://www.dhs.gov/enforcement-labor-and-employment-laws)

Kèlkeswa stati imigrasyon ou, ou kapab kontakte Liy Dijans pou Lite kont Trafik Moun lan si ou panse ou se victim trafik moun nan nimewo 1-888-373-7888 pou jwenn asistans oubyen Konsèy Nasjonal Relasyon Travay lan ki rele Konsèy Nasjonal Relasyon Travay (National Labor Relations Board) nan nimewo 1-844-762-6572 epi mande pou pale avèk yon Kowòdonatè Rejyonal sou Imigrasyon.

Pou konnen ki lòt resous ki genyen pou travayè yo oswa kiyès pou kontakte nan administrasyon Etazini si w gen pou pwoblèm espesifik, vizite: *MigrantWorker.gov/TrabajadorMigrante.gov*.

## 5. Pa Sibi Diskriminasyon ak Asèlman

- Patwon ou pa ka trete ou mal oswa diferaman akòz laj ou (si ou gen plis pase 40 lane), sèks ou, ras ou, peyi kote ou soti a ak etnisite ou, koulè ou, reliyon ou, enfòmasyon jenetik (tankou dosye medikal/ jenetik fanmi ou) oubyen yon andikap ou genyen.
- Pou depoze yon plent akòz diskriminasyon, ale sou: [www.eeoc.gov/how-file-charge-employment-discrimination](http://www.eeoc.gov/how-file-charge-employment-discrimination). Pou depoze yon plent sou baz diskriminasyon akòz stati sitwayènte ou, ale sou: [www.justice.gov/crt/filing-charge](http://www.justice.gov/crt/filing-charge).
- Pyès moun pa ka fè ou sibi asèlman sou fòm vèbal, fizik oswa seksyèl.

## 6. Pa Sibi Eksplwatasyon

- Pèsòn moun pa gen dwa pou yo eksplwate w seksyèlman, pa egzanp yo pa gen dwa manyen ou nan yon fason ki seksyèl; ni fòse ni twonpe w pou ou fè yon akt seksyèl tankou bo, fè bagay, fè sèks avèk bouch ou, pran jòf.
- Gade wè nan paj 12 pou plis enfòmasyon sou eksplwatasyon nan relasyon travay epi sou trafik moun.

Si ou panse moun vyole dwa ou, rapòte sa bay Liy Telefòn Dijans Nasjonal pou Lite kont Trafik Moun lan nan nimewo 1-888-373-7888 (anndan Etazini) oubyen nan youn nan sit wèb yo ki liste sou paj 15 epi 16 nan panflè sa a. Si ou pa pale anglè, mande yon entèprèt pou tradwi pou ou.





**KONSEY:** Konsèy pou afè lajistik ou resevwa nan men patwon, yon kontraktè oswa yon rekríté kapab gen prejje. Chèche konsèy nan men yon avoka endependan.

## LÒT DWA ANPLIS KI BAZE SOU STATI NON-IMIGRAN OU

Anplwaye Domestik ki genyen stati A-3, G-5, NATO-7 epi B-1

Patwon ou dwe ba ou yon kontra travay ki an konfòmite avèk la lwa Etazini, ki genyen pa egzant egzijans pou kontra an:

- Fèt nan yon lang ou konprann;
- Presize salè ou pa èdtan, ki dwe sa ki pi plis lan ant salè minimòm federal, Eta a oswa lokal lan;
- Presize si patwon an pral founi lojman avèk manje gratis (si ou viv nan rezidans patwon an), epi tikè avyon ale-retou;
- Presize egzakteman ki kantite tan patwon an dwe ba ou avan ou fini travay ou epi si ou dwe bay patwon an si ou pral kite travay lan;
- Genyen ladan li nenpòt lòt avantaj ki obligatwa pou travayè domestik Ozetazini tankou poz travay ki peye, konje maladi ki pa peye, epi konpansasyon travayè.

**Veye pou ou byen konprann kontra an epi jwenn yon kopi kontra an. Pa siyen òkèn kontra si ou pa konprann kisa ki ladan li.**

**Lòt Egzijans Anplis pou Travayè Domestik A-3, G-5, epi NATO-7**

**Se pou kontra an genyen ladan li, kòm minimòm:**

- Yon akò patwon ou konsanti pou li respekte tout lwa nan peyi Etazini;
- Enfòmasyon sou chak konbyen tan ou pral touche, konbyen ou pral touche, tach ou nan travay lan, èdtan travay chak semèn, jou ferye, konje maladi, epi jou vakans;
- Yon akò patwon ou konsanti pou li pa kenbe paspò ou, kontra travay ou, ni òkèn lòt efè pèsònèl ou.



## Viza H-2A Travayè Agrikòl Tanporè

- Ou pa janm genyen pou ou peye okèn frè pou jwenn yon travay. Si yon moun ta mande ou peye yon frè, kontakte anbasad oswa konsila lokal ou Ozetazini si ou nan peyi dorijin ou toujou oubyen kontakte Divizyon Salè ak Èdtan nan nimewo 1-866-487-9243 si ou nan peyi dorijin ou toujou.
- Ni patwon ou ni nenpòt moun ki travay avèk patwon ou pa gen dwa fòse ou fè dét ni fè ou fin peye okèn dét. Si sa ta rive, rele Liy Ijans pou Lite kont Trafik Moun lan nan nimewo 1-888-373-7888 si ou nan peyi Etazini oubyen anbasad oswa konsila lokal ou si ou nan peyi dorijin ou toujou.

Patwon ou dwe:

- Peye ou, minimòm de (2) fwa chak mwa, pou tout travay ou fè sou salè ki te presize nan lòd oswa kontra travay ou, epi nan lè ki presize nan kontra travay ou. Salè an kapab plis pase salè minimòm federal, Eta a oswa lokal lan;
- Ba ou oswa peye transpò pou ou soti nan sit rekritman ou an jiska kote travay lan epi pou repa chak jou pandan deplasman sa a oubyen ranbouse ou pou depans sa yo yon fwa ou fin fè mwatye nan tan ou genyen pou travay lan selon sa ki nan kontra travay ou;
- Ranbouse ou pou deplasman ou pou rive nan lye-travay lan epi depans pou viza pandan premye semèn travay lan, apre li fin retire depans yo ki mwens pase salè minimòm nan Etazini an.

Si ou se yon travayè H-2A oswa H-2B epi ou ta genyen nenpòt kestyon ouyen enkyeted sou dwa ou, rele nan 1-866-487-9243 oubyen vizite biwo lokal sou Salè ak Èdtan Travay lan: [www.dol.gov/agencies/whd/contact/local-offices](http://www.dol.gov/agencies/whd/contact/local-offices).

## Pou Travayè Agrikòl Tanporè H-2A yo

Patwon ou dwe:

- Ba ou yon kontra travay alekri ki fèt nan yon lang ou konprann. Se pou li genyen ladan li detay sou salè ou, konbyen tan travay lan pral dire, èdtan travay yo, benefis (tankou transpò, lojman epi repa oswa kote pou fè manje), epi nenpòt dediksyon yo pral retire sou chèk salè ou. Ou pa dwe genyen okèn dediksyon sou chèk salè ou pou Sekirite Sosyal epi Medicare Etazini pandan ou se yon travayè H-2A;



- Founi ba ou yon lojman ki pwòp epi san danje ladan l pou gratis;
- Founi ba ou transpò gratis soti nan lojman yo ba ou an pou ale sou lye-travay lan;
- Founi ba ou transpò san danje avèk chofè ki gen lisans nan machin ki konvnableman asire avèk tout ekipman sekirite ki obligatwa yo;
- Founi 3 repa chak jou, oswa yon kote pou prepare manje ki gratis epi fasil pou ou itilize;
- Pa pini ou ni anpeche ou reyini avèk travayè leta oubyen konseye nan afè lajistik ki enfòme ou sou dwa ou epi ki kapab ede ou depoze plent;
- Founi ba ou oubyen peye pou ou transpò, lojman epi repa, soti nan lye-travay lan pou retounen nan peyi ou apre peryòd travay ki presize nan kontra an fini;
- Ofri ou travay pou minimòm  $\frac{3}{4}$  nan jou travay yo ki nan kontra travay lan oubyen peye ou pou èdtan li pa ofri ou.

### Pou Travayè Tanporè H-2B ki pa Agrikòl

Patwon ou dwe:

- Ba ou yon lòd travay alekri ki fèt nan yon lang ou konprann. Se pou li genyen ladan li detay sou salè ou, konbyen tan travay lan pral dire, èdtan travay yo, nenpòt benefis patwon an bay volontèman (tankou transpò, lojman epi repa oswa kote pou fè manje), epi nenpòt dediksyon ki pral soti nan salè ou;
- Peye transpò, lojman epi repa soti nan lye-travay lan pou retounen nan peyi ou si peryòd travay lan ki presize nan kontra travay ou an ekspire oubyen lè patwon ou libere ou avan peryòd travay ou fini.

### Viza pou Vizitè ak Echanj J-1

- Fòm DS-2019 siyen ou an eksplike dat pwogram ou an, kategori pwogram ou an, non sponsò ou, epi ki kote pwogram echanj lan pral dewoule. Sponnsò ou anba obligasyon pou li mete ajou Fòm DS-2019 lan pandan pwogram ou an pou li montre nenpòt chanjman nan finansman, sit aktivite, epi dat pwogram lan.
- Sponnsò ou an dwe pou li eksplike tout depans, kondisyon epi règleman pwogram echanj ou an, avèk ladan yo yon deklarasyon



**KONSEY:** Se pou patwon ou peye ou san reta. Se yon pratik kouran nan Etazini pou travayè touche yon fwa chak de semèn, menmsi orè salè ou kapab diferan selon kontra travay ou.

alekri sou travay ou dakò pou fè an, lajan ou pral touche, epi konbyen èdtan ou dwe atann pou travay, si sa aplikab. **Si ou genyen enkyetid ijan pou sante, sekirite oswa byennèt ou, silvouplè kontakte Liy Dijans Viza J an: 1-866-283-9090. Pou kestyon oswa enfòmasyon jeneral silvouplè voye imèl bay: [Jvisas@state.gov](mailto:Jvisas@state.gov).**

- Sponsò ou an dwe pou li verifye si ou genyen asirans medikal, pou rapatriman epi evakyasyon, men sponnsò an pa oblige ni bay li ni peye pou li.

### Voyaj pou Travay ann Ete

Sponnsò ou anba obligasyon pou bay asistans pou jwenn yon travay yon semèn apre rechèch travay ki fèt nan Etazini si ou soti nan yon peyi ki bay dispans viza epi ou te rive san ou pa genyen travay. Sponsò yo dwe tou pou yo founi yon asistans rezonab bay tout patisipan nan Vwayaj pou Travay ann Ete ki ta vle chanje travay pandan pwogram yo. Sponsò yo genyen pou yo aksede epi konfime premye plasman nan travay epi lòt plasman ki vini apre sa pou patisipan nan Pwogram Vwayaj pou Travay yo avan patisipan yo kòmanse travay jan sa dekri nan règleman pwogram lan.

### Stajyè oswa Apranti

Sponnsò ou anba obligasyon pou li ba ou yon Plan Plasman/Staj Fòmasyon (Fòm DS-7002) ki genyen ladan li yon deklarasyon ekri sou nenpòt revni ou pral resevwa epi yon rezime objektif fòmasyon yo ki nan pwogram lan. Ou dwe genyen pou minimòm 32 èdtan travay chak semèn.

Sponnsò ou genyen pou li ba ou yon deklarasyon ekri sou depans epi frè ou pral genyen pou peye epi yon estimasyon depans kouran nan Etazini.

Sponnsò ou pral genyen pou li veye pou ou genyen pwoteksyon asirans pou swen doktè, evakyasyon epi rapatriman, men sponnsò an pa anba obligasyon pou li ba li ni peye pou li.



### Au Pair:

Fanmi dakèy ou dwe pou li ede ou enskri epi asiste nan klas nan yon lekòl pòst-segondè epi peye jiska \$500 nan pri sa koute pou klas sa yo. Si ou se yon au pair EduCare, fanmi dakèy ou dwe pou li peye jiska \$1,000 nan pri sa koute pou klas sa yo.

Ou pa oblige travay pou plis pase 10 èdtan chak jou oswa 45 èdtan chak semèn. Si ou se yon au pair EduCare, ou pa oblige travay plis pase 10 èdtan chak jou ni 30 èdtan chak semèn.

Konseye lokal ou kapab kontakte ou chak mwa epi tcheke avèk fanmi dakèy ou regilyèman.

## VIZA NON-IMIGRAN OU

Yon viza non-imigran se yon dokiman leta Etazini ki pèmèt moun vini nan peyi Etazini pou rezon spesifik, pa egzanp pou travay, etidye, oswa patisipe nan yon pwogram echanj kiltirèl. **Ou dwe fè aplikasyon an aletranje pou yon viza nan yon anbasad oswa konsila ameriken.** (Nòt: Sitwayen kanadyen aplike pou admisyon avèk yon stati J-1 nan yon pò antre). Yon fwa ou resevwa viza an, ou kapab vini nan Etazini epi montre li bay yon ofisye imigrasyon Etazini (“ofisye CBP”) pou kapab antre. Si viza ou ta vin ekspire, ou bezwen yon nouvo viza avan ou retounen nan Etazini. Pou plis detay sou pwosesis aplikasyon viza an epi sou viza ameriken ou, vizite: [usvisas.state.gov](http://usvisas.state.gov).

Lè yon ofisye CBP ba w otorizasyon pou antre Ozetazini, sa pral kreye otomatikman yon Fòm I-94 elektwonik (pafwa sa kapab yon dokiman sou papye). Fòm I-94 lan pral montre dat ou antre an, kalite viza an, epi dat limit pou ou kite peyi Etazini. Ou dwe pou ou kite Etazini avan dat limit pou sejou ou ki make ann anglè “admit until” lan pou rete legalman sòf si ou fè yon demand ekstansyon sejou ou nan Sèvis Sitwayènte epi Imigrasyon Etazini an (USCIS). **Ou kapab verifye dosye I-94 ou an nan sit: <https://i94.cbp.dhs.gov>.**



# TRAFIK MOUN

Trafik moun, ki rele tou trèt moun, se yon krim grav kote moun sèvi avèk fòs, fwod oswa kowèsisyon pou fòse yon lòt moun pou li bay travay oswa sèvis, oubyen pou li patisipe nan aktivite sèks pou lajan. Si nenpòt moun ki genyen mwens pase laj 18 an ap patisipe nan aktivite sèks pou lajan, sa considere tankou trafik moun menmsi pa genyen fòs, fwod ni kowèsisyon ladan I. Yon aktivite sèks pou lajan se echanj nenpòt bagay vale (tankou lojman, pwoteksyon, manje oswa lajan) kont sèks.

Liy Telefon Dijans Nasyonal pou Lite kont Trafik Moun lan kapab oryante moun pou jwenn sèvis ki nesesè epi sipò lokal. Kontakte Liy Telefon Dijans Nasyonal pou Lite kont Trafik Moun lan nan nimewo 1-888-373-7888 si oumenm oswa yon lòt moun ta sibi youn oswa plizyè nan sa yo:

## Ou anba menas oswa ou pè

Pèsòn moun pa gen dwa itilize menas, laperèz, ni òkèn lòt kalite entimidasyon pou fè ou oubyen lòt moun santi ou twò pè pou ou eseye ale. Men kèk eqzanp:

- Bay kou, fè mal fizikman, oubyen abize seksyèlman oumenm oswa lòt moun;
  - Menase pou fè mal oubyen abize, oubyen abize seksyèlman oumenm oswa lòt moun;
  - Anpeche ou kite travay ou oswa lojman ou;
  - Kenbe oubyen anpeche ou jwenn aksè avèk medikaman pou oumenm oswa yon moun wap swaye, pou nenpòt rezon;

- Menase pou fè mal, depòte, oubyen arete oumenm oswa fanmi ou si ou pòte plent pou maltretman, rapòte sityasyon an touswit, oswa chèche asistans;
- Fè lòt moun mal ki te eseye ale, pòte plent, rapòte sityasyon an, oswa chèche jwenn asistans; oubyen
- Menase pou mete moun sou list nwa pou yo pa janm kapab travay nan Etazini ankò.

### **Fòse ou fè yon bagay pou peye yon dét**

Pèsòn moun pa kapab fè ou founi ni kontinye founi travay, sèvis oubyen aktivite seksyèl pou lajan, oubyen pou anpeche ou ale. Pèsòn moun pa gen dwa sanzatann chanje dét ou pou fè sa vin pi difisil pou ou ranbouse li oubyen fè pou panse se pou ou kontinye travay jistan dét lan fin ranbouse. Men kèk egzanp:

- Di ou dwe yon gwo kantite lajan ki difisil pou ranbouse nan yon tan rezonab;
- Pretann ou dwe plis pase sa ou te dakò an, oubyen pou bagay ou pa t dakò alavans;
- Ajoute frè pou transpò, lojman, manje, epi lòt depans ou pat antann alavans;
- Ajoute frè, amand oswa sanksyon poutèt ou vyole règleman, paske ou pat fè ase lajan, oubyen poutèt pou pat founi kont travay, ase sèvis, oubyen kont aktivite seksyèl pou lajan.

**KONSEY:** Kenbe yon dosye detaye sou nenpòt kòmantè ki pa konvnab epi/oswa aksyon patwon ou fè kont ou epi ekri non avèk nimewo telefòn nenpòt temwen.

### **Pa kapab ale, pòte plent oswa mande asistans**

Pèsòn moun pa gen dwa anpeche ni oumenm ni òkèn lòt moun pòte plent, oubyen chèche jwenn asistans. Men kèk egzanp: yo di ou pa kapab kite lye-travay lan oubyen yo limite ki kote ou kapab ale lè ou pa nan travay lan.

- Se pou ou toujou genyen aksè avèk pwòp paspò ou, viza ou, batistè ou, oubyen nenpòt lòt dokiman idantifikasyon ki pou ou. Se pa pou moun anpeche ou kenbe bagay sa yo;
- Se pou ou toujou genyen kont manje, repo, somèy, oubyen swen doktè lè ou bezwen sa. Pèsòn moun pa gen dwa limite bagay sa yo; epi
- Se pou ou toujou kapab pale avèk fanmi ou, lòt moun nan travay lan, kliyan yo, oswa nenpòt lòt moun ou ta bezwen, tankou travayè ki bay konsèy nan lajistis oubyen travayè sosyal. Pèsòn moun pa gen dwa anpeche w kominike an tout libète ni siveye sa w ap di.

## Yo ba ou manti

Pèsòn moun pa kapab ba ou manti ni twonpe ou pou fè ou travay oubyen fè aktivite seksyèl pou lajan. Men kèk egzanp manti oswa twonpri:

- Bay fo pwomès sou kalite travay lan, èdtan travay, kondisyon travay, aranjman pou lojman oswa salè;
- Fè ou travay yon pakèt èdtan anplis, nan kondisyon ki pi move, oubyen pou mwens lajan salè pase sa ki te pwomèt lan;
- Di ou ou pa genyen òkèn dwa;
- Di ou pèsòn p ap kwè ou oubyen yo pral depòte ou si ou eseye kite travay lan oubyen chèche jwenn asistans; oubyen
- Di ou se pou ou bay manti sou patwon ou oubyen sou lòt travayè yo.
- Pami fo pwomès, kapab genyen di ou pral genyen yon travay kòm enfimyè kalifye, men apre sa yo fè ou fè menaj nan yon mezon pou granmoun aje; oubyen di ou pral yon gouvènант epi apre sa yo fè ou danse toutouni oubyen fè aktivite seksyèl pou lajan.

## Èske Patwon ou Kapab fè Depòte w si Ou Pote Plent pou Abi?

Genyen pwogram ki pwoteje moun ki rapòte ka abi oswa maltretman. Pwogram sa yo pèmèt ou rete nan Etazini menmsi ou kite patwon ou. Ou pa dwe pè chèche jwenn asistans menmsi ou genyen pwoblèm imigrasyon. **Telefone Liy Dijans pou Lite kont Trafik Moun lan nan 1-888-373-7888 pou kapab byen konprann opsyon ou.** Liy Telefòn Dijans pou Lite kont Trafik Moun lan pa yon sèvis Leta ni lapolis.



**KONSEY:** Yonfwa ou fin rive Ozetazini, sere paspò ou epi lòt dokiman vwayaj nan yon kote sekirize kote ou kapab jwenn aksè avèk yo nan tout moman. Sa illegal pou patwon ou sezi paspò ou.

# POU PLIS ENFÒMASYON SOU:

- Pwosesis aplikasyon viza an epi viza ameriken ou: [usvisas.state.gov](http://usvisas.state.gov).
- Trafik moun: [www.state.gov/j/tip](http://www.state.gov/j/tip).
- Pwogram Viza pou Vizitè Echanj lan: [j1visa.state.gov](http://j1visa.state.gov).
- Egalite, epi dwa ou yo pou ou pa sibi diskriminasyon nan travay ou akoz de ras, koulè, reliyon, sèks (avèk ladan li gwosès), oriijn nasyonal, laj (40 an epi plis), andikap oubyen enfòmasyon jenetik, epi pou depoze yon akizasyon poutèt diskriminasyon: [www.eeoc.gov](http://www.eeoc.gov).
- Dwa ou pou yon lye-travay san danje, oubyen si ou panse lye-travay ou genyen danje ladan li, epi ou vle mande yon enspeksyon: [www.osha.gov](http://www.osha.gov).
- Kijan pou konnen si nan non ou yo prelve lajan salè ki pa peye nan men patwon ou: [webapps.dol.gov/wow](http://webapps.dol.gov/wow).
- Dwa ou pou ou touche yon fason ki ekitab: [www.dol.gov/WHD/immigration](http://www.dol.gov/WHD/immigration).
- Kijan pou depoze yon plent nan afè lajan salè: <https://www.dol.gov/agencies/whd/contact/complaints>.
- Dwa ou pou ou pa sibi diskriminasyon akoz de stati sitwayènte ou epi pou ou depoze plent poutèt diskriminasyon: [www.justice.gov/crt/filing-charge](http://www.justice.gov/crt/filing-charge).
- Dwa ou pou ou rasanble avèk lòt travayè pou amelyore salè oswa kondisyon travay yo, sa ki gen ladan li fason pou depoze yon plent: [www.nlrb.gov](http://www.nlrb.gov).
- Dwa, obligasyon epi egzansyon ou nan afè asirans medikal: [localhelp.healthcare.gov](http://localhelp.healthcare.gov) (Anglè) and [ayudalocal.cuidadodesalud.gov](http://ayudalocal.cuidadodesalud.gov) (Panyòl).
- Dwa ou si ou se viktim yon zak kriminèl. Lwa sou Dwa Viktim Zak Kriminèl lan: <https://www.justice.gov/criminal/criminal-vns/victim-rights-derechos-de-las-victimas>
- I-94: <https://i94.cbp.dhs.gov/i94>
- Stati petisyon patwon potansyèl, stati dosye USCIS an liy: <https://egov.uscis.gov>
- Resous USCIS sou trafik moun:
  - <https://www.dhs.gov/blue-campaign/resources-available-victims>
  - <https://www.uscis.gov/humanitarian/victims-of-human-trafficking-and-other-crimes>

- Pwogram USCIS ki founi benefis imigrasyon pou travayè tankou pou egzanp, stati non-imigran T epi U:
  - <https://www.uscis.gov/humanitarian/victims-of-human-trafficking-and-other-crimes>
- Benefis pou refijye epi sèvis jestyon ka si genyen risk trafik moun, vizite Biwo Lit kont Trafik Moun (OTIP) nan adrès
  - <https://www.acf.hhs.gov/otip/victim-assistance/child-eligibility-letters>
  - <https://www.acf.hhs.gov/otip/victim-assistance/certification>

Pou kestyon moun poze souvan epi resous sou afè travayè migran (disponib nan lang anglè, panyòl, arab, chinwa, kreyòl ayisyen, pòtigè, vyetnamyen epi tagalòg) vizite: [MigrantWorker.gov](http://MigrantWorker.gov) oubyen [TrabajadorMigrante.gov](http://TrabajadorMigrante.gov)



**KONSEY:** Li toujou bon pou ou kenbe yon dosye ekri sou tout sa ki pase pandan tout tan wap travay. Jwenn yon kaye epi ekri tout jou avèk èdtan ou te travay yo, konbyen yo te peye ou, dat ou te touche, nenpòt dediksyon yo retire sou chèk salè ou, epi rezon pou dediksyon sa yo.

## ECHANTIYON DOSYE TRAVAY PA SEMÈN

Anplwaye:		Sipèvizè:	
Dat	Aktivite	Kantite Èdtan	Montan Peman
		Rive Travay a: _____ Soti nan Travay a: _____ Total: _____	

Anplwaye:		Sipèvizè:	
Dat	Aktivite	Kantite Èdtan	Montan Peman
		Rive Travay a: _____ Soti nan Travay a: _____ Total: _____	


Anplwaye:		Sipèvizè:	
Dat	Aktivite	Kantite Èdtan	Montan Peman
		Rive Travay a: _____ Soti nan Travay a: _____ Total: _____	

Anplwaye:		Sipèvizè:	
Dat	Aktivite	Kantite Èdtan	Montan Peman
		Rive Travay a: _____ Soti nan Travay a: _____ Total: _____	

Anplwaye:		Sipèvizè:	
Dat	Aktivite	Kantite Èdtan	Montan Peman
		Rive Travay a: _____ Soti nan Travay a: _____ Total: _____	



# THE UNITED STATES *of* AMERICA



Pou wè yon vèsyon sou entènèt panflè  
sa a epi vidyeo an ki vini avèk li, sèvi avèk  
kamera esmatfòn ou pou skane kòd QR  
lan, epi louvri lyen ki parèt lan:



U.S. DEPARTMENT *of* STATE

Panflè sa a te fèt an konfòmîte avèk seksyon 202 nan Lwa 2008 William Wilberforce  
lan sou Víktim Trafik, Lwa Piblik 110-457.